

Kesyon yo Poze Souvan sou Pwogram Èd Espesyal Yon sèl Fwa (SOTA) a

1. Kisa Pwogram Èd Espesyal yon Sèl Fwa ("SOTA") a ye?

Pwogram SOTA a ap peye yon lane lwave pou kliyan Depatman Sèvis Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) ki kalifye yo pou deplase al abite nan vil New York, nan lòt konte Eta New York la, oswa nan yon lòt eta, Pòtoriko, oswa Washington, DC. Fanmi ki gen revni renouvlab yo touche nan travay yo, Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI) oswa Avantaj Sekirite Sosyal (SSD) ak yon lwave ki pa depase 40 pousan revni aktyèl oswa sa yo prevwa a, ka jwenn aksè nan SOTA.

2. Kimoun ki kalifye?

Men kèk nan kritè pou kalifye yo:

- Fanmi ki gen Timoun: Fanmi an dwe abite nan abri a pandan omwen 90 jou.
- Adilt ki Selibatè ak Fanmi ki Adilt: Fanmi an dwe abite nan abri a pandan omwen 90 jou nan dènye 365 jou yo.
- Y ap bay SOTA sèlman pou fanmi DSS detèmine ki pwobableman ap gen kapasite demen pou peye lwave a yon fwa yo pa gen sibvansyon SOTA ankò pou garanti lwave yo. Fanmi yo dwe gen revni renouvlab yo touche nan travay, avantaj SSI oswa SSD yo ak yon lwave ki pa depase 40 pousan revni aktyèl sa a oswa sa yo prevwa a. Si fanmi an ap deplase al abite nan Vil New York (sèlman), li pa dwe kalifye pou okenn sibvansyon lokasyon federal, Leta oswa Minisipal.

3. Kijan yo pral detèmine si yon moun ka peye lwave li?

Pou yo ka itilize SOTA, kliyan yo pral oblige bay prèv revni, epi lwave a pa dwe depase 40 pousan revni fanmi an.

4. Kijan yon fanmi ki nan abri ka aplike pou SOTA?

Manadjè ka yo ak espesyalis lojman yo idantifye kliyan ki ka kalifye pou SOTA. Anplis de sa, kliyan yo ka kontakte manadjè ka oswa espesyalis lojman yo a si yo kwè yo ka kalifye. Espesyalis Lojman ede kliyan ak rechèch lojman yo a epi kliyan yo ka idantifye inite yo pou kont yo tou.

5. Èske yo ka itilize SOTA pou yon chanm kay y ap lwe?

Wi. Yo ka itilize SOTA pou chann kay y ap lwe Yo pèmèt lokasyon chann sèlman nan apatman oswa lojman pou yon sèl fanmi nan Vil New York epi yo dwe ajoute sèvis publik yo nan lwave a. Y ap apwouve lokasyon chann nan sèlman pou fanmi ki genyen youn (1) oswa de (2) adilt ki pa gen timoun epi yo p ap apwouve l si chann lan nan yon inite ki gen lwave estabilize oswa lwave kontwole.

6. Èske yon revizyon apatman an nesesè lè w ap itilize SOTA?

Wi. DHS oswa anplwaye founisè yo fè vizit gide pandan y ap itilize yon lis verifikasyon apatman konplè pou tout inite ki nan Vil New York, nan konte Eta New York Nassau a, Rockland, Suffolk, ak Westchester, oswa nan konte New Jersey Bergen lan, Essex, Hudson, Middlesex, Passaic, ak Union yo.

7. E si apatman an pa pase verifikasyon an?

Si apatman an pa pase verifikasyon an, men yo fè koreksyon nan yon tan apwopriye epi apatman an pase yon dezyèm verifikasyon oswa si ou jwenn yon Setifikasi Koreksyon pou pwoblèm yo nan men otorite lokal la, apatman an ka toujou apwouve pou SOTA.



8. Ki resous suivi ki disponib pou kliyan k ap kite kay yo avèk SOTA?

Patisipan SOTA yo ka rele Liy Dirèk SOTA a nan 718-557-1399 si yo:

- gen pwoblèm ki gen rapò ak lojman mèt kay la pa ranje;
- ap mete yo deyò oswa yo menase pou mete yo deyò;
- ap fè fas ak yon pèt oswa yon bès nan revni yo epi yo bezwen yon referans pou sèvis pou ede yo ogmante revni yo (pou egzanp, fòmasyon pou travay oswa sèvis karyè);
- gen pwoblèm ki ta ka afekte kapasite yo pou yo rete nan lojman pèmanan;
- bezwen konsèy sou lòt sèvis ki disponib nan kominate yo a (po egzanp, enfòmasyon sou fason pou enskri yon timoun lekòl).

9. Kilè mèt kay la ap resevwa peman SOTA yo?

Kòmanse nan mwa fevriye 2020 pou nouvo patisipan SOTA yo, peman lokasyon nan kad pwogram SOTA a ap fèt bay mèt kay yo chak mwa.

10. Kisa k ap pase si yon kliyan kite apatman an pandan peryòd kontra lwaye a?

Selon kondisyon akò pwopriyetè SOTA a, pwopriyetè a ap oblige di HRA sa nan 5 jou ouvrab oplita aprè l fin konnen lokatè a kite inite a epi retounen nenpòt lajan ki depase pou lè kliyan a te rete nan apatman an. Si yo pa remet lajan an, Minisipalite Vil la ap poussuiv li lajistik pou touche lajan an. Lokatè yo dwe di DSS sa san pèdi tan si yo kite inite a anvan fen peryòd SOTA a.

11. Si yon mèt kay eseye mete lokatè a deyò pandan premye ane a, kijan lokatè a ka jwenn èd?

Lokatè yo ka rele Liy Dirèk SOTA epi poze sou sèvis prevansyon degèpisman ki disponib nan kominate yo a. HRA ka refere lokatè nan Vil New York yo bay yon avoka ki ka reprezante yo nan tribinal lojman. Selon kondisyon akò pwopriyetè a, si yo mete lokatè a deyò, mèt kay la ap oblige remet nenpòt lajan ki depase pou lè kliyan a te rete nan apatman an. Si yo pa remet lajan an, Minisipalite Vil la ap poussuiv li lajistik pou touche lajan an.

12. E si yon kliyan DSS retounen nan abri Vil New York la nan peryòd 12 mwa a?

DHS ak HRA pral travay kole kole ak kliyan an pou konprann poukisa yo ka retounen, evalye ak reponn ak bezwen inik yo jan sa awopriye, epi ede yo evite antre nan abri anko chak fwa sa posib, ki gen ladan ede yo retounen nan apatman yo.

13. E si yon moun oswa yon fanmi pa kapab peye pòsyon pa yo apre peryòd 12 mwa a?

Y ap bay SOTA sèlman pou fanmi DSS estime ki petèt ap gen kapasite alavni pou peye lwaye a depi yo pa gen sibvansyon SOTA ankò pou peye lwaye yo. Fanmi yo dwe gen revni regilye ki soti nan travay, nan avantaj SSI oswa SSD ak yon lwaye ki pa depase 40% revni aktyèl sa a. Lokatè yo ka rele Liy Dirèk SOTA si y ap fè fas ak yon pèt oswa yon bès nan revni yo epi si yo bezwen yon referans pou sèvis yo. Si lokatè a nan NYC, li ka ale nan pwogram Homebase lokal la oswa nan Sant Aksè pou Avantaj HRA pou l jwenn èd. Kòm yon dènye rekou, si pa gen okenn lòt lojman solid, yon moun oswa yon fanmi ka aplike ankò pou abri apre fen 12 mwa patisipasyon yo nan pwogram SOTA a. Jiska prezan, sèlman yon ti kantite moun oswa fanmi ki fè sa.

14. Èske yon kliyan ka resevwa SOTA plis pase yon fwa?

Non. Kliyan DSS yo kalifye pou lokasyon sa a yon sèl fwa.